


MODÈNIZASYON ATIK 80 AN

PWOJÈ PLAN AKSYON

Amelyore Pwosesis Revizyon Developman nou an





REZIME JENERAL

Departman Planifikasyon Vil Boston lanse yon inisyativ pou amelyore fason rezidan yo, devlopè yo ak anplwaye Vil la ap viv pwosesis egzamen pwojè devlopman an. N ap chèche kreye yon pwosesis modènize ki fonde sou previzibilite, konyerans, transparans, ak respè delè yo – yon pwosesis ki pran divèsite opinyon yo an kont, ki fasilité envestisman nan Boston epi ki sipòte nouvo kwasans nan sèvis vil nou an epi ki reponn yon seri bezwen ki la lontan. Atik 80 Kòd Zonaj Boston an fikse règ pou egzamen pwojè devlopman imobilye yo pwopoze nan tout vil la. Inisyativ sa a reprezante premye modènizasyon Atik 80 an depi lè li te kreye a, an 1996.

PWOBLÈM NAN

Manm kominote yo, devlopè yo, ak anplwaye Vil yo, yo tout dakò pou di egzamen pwojdevlopè amenajman Boston an pa fonksyone. Pwosesis aktyèl la long, opak ak enprevizib, sa ki, lè li asosye ak yon kòd zonaj demode, rann devlopman vil nou an pi difisi.

Yo te etabli kondisyon pou egzamen ki mansyone nan Atik 80 an depi prèske 30 lane. Depi lè sa a, planifikasyon ak devlopman nan Boston te chanje anpil. Volim ak konpleksite pwojè devlopman yo ogmante. Inisyativ politik ak efò planifikasyon ki gen rapò ak anviwònman bati a evolye pi rapid pase kòd zonaj la li menm epi yo te ajoute kòm aneks nan pwosesis la san yo pa entegre yo nan zonaj la. Pwosedi ak operasyon egzamen pwojè devlopman yo te toujou ap adapte pou reponn ak defi sa yo, ki te bay yon pwosesis ki sanble la pou yon sèl rezon, ki inaksesib, epi ki enprevizib pou tout aktè yo.



Boston in 1990s • Boston Landmarks Commission



SOLISYON AN

Egzamen previzib, ki fèt nan bon moman an epi ki transparan nan pwojè developman an ka amelyore ak modènize fason n ap devlope Boston.

Objektif nou atravè inisyativ sa a ak lòt inisyativ rezonaj nan vil la se etabli yon vizyon komen atravè planifikasyon. Rekòmandasyon ki nan Plan Aksyon sa a ap ede nou asire pwochen developman reyalize vizyon sa a epi ede nou kreye yon nouvo kilti developman ki fonde sou previzibilite, koyerans, transparans ak ponktyalite.

YON PWOSESIS PREVIZIB SE YON PWOSESIS KOTE...

- Manm kominote yo konnen davans ki kote, ki lè, ak kijan pou yo bay opinyon yo.
- Pwomotè yo ka antisipe depans yo, etap obligatwa yo ak delè pwosedi otorizasyon yo.
- Anplwaye vil la konprann wòl yo, responsablite yo ak dat limit yo.

YON PWOSESIS KOYERAAN SE YON PWOSESIS KOTE...

- Manm kominote yo gen direktiv klè pou patisipasyon ki pa chanje de pwojè an pwojè.
- Pwomotè yo konnen estanda egzamen yo alavans, epi yo wè pwojè ki menm jan an pase egzamen ki menm jan an tou.
- Anplwaye vil la mezire ak kominike pèfòmans yo atravè done ak endikatè detaye.

YON PWOSESIS PONKTYÈL SE YON PWOSESIS KOTE...

- Manm kominote yo ka bay opinyon yo avèk efikasite, kit se nan yon kontak dirèk oswa endirèk, san yo pa fè repetisyon.
- Pwomotè yo resevwa kòmantè òganize yo byen rapid nan chak etap nan pwosesis la ki pèmèt yo entegre modifikasyon yo nan tan konvnab la.
- Anplwaye vil la respekte delè presi pou chak etap egzamen an. Delè ant pwopozisyon inisyal pwojè ak apwobasyon pèmi konstriksyon an diminye.

YON PWOSESIS TRANSPARAN SE YON PWOSESIS KOTE...

- Manm kominote yo konnen pwopozisyon ak angajman pwojè yo depi nan konsèp inisyal la jiska okipasyon final la.
- Pwomotè yo konprann rezon chak rekòmandasyon oswa chanjman ki obligatwa pou pwojè a.
- Anplwaye vil la montre kijan prensip planifikasyon ak estanda zonaj espesifik yo ap gide rezulta pwojè a k ap fè misyon Depatman Planifikasyon an pwogrese.



REKÒMANDASYON

Plan nou pou asire siksè pwoesisis egzamen pwojè developman an chita sou twa chanjman fondamantal.

1

ANGAJMAN EFIKAS

Divèrsifye kontribisyon
nan developman

2

ESTANDA KOYERAN

Kreye nouvo estanda
sou fason pwojè yo
bay mezi atenyasyon
ak avantaj pou
kominote a pou reponn
ak bezwen Vil la

3

EGZAMEN KOWÒDONE

Etabli yon pwoesisis
apwobasyon transparan,
sekansyèl ak kowòdone
atravè Vil la

1A. Kreye plis opòtinite
pou aprann de pwojè yo
ak facilite opinyon yo,
tankou sondaj sou entènèt

1B. Ranplase gwoup
konsilitatif aktyèl yo ak
Ekip Konsilitatif Kominotè
(Community Advisory
Teams, CATs), yon nouvo
estrikti ki reprezante
divèsite Boston, nan
kenbe konesans ak
ekspètiz ki gen anpil valè
pandan y ap diminye
baryè pou pèmèt nouvo
opinyon yo rantre nan

2A. Ekri nouvo definisyon
pou rediksyon ak
avantaj kominote a

2B. Etabli politik klè
konsènan dola pou chak
mèt kare pou transpò
ak enfrastrikti ak pou
espas ouvè yo ak alèjman
domèn piblik yo

2C. Kreye koneksyon pi
solid ant planifikasyon
resan ak avantaj
kominote a

2D. Obligasyon pwomotè
yo pou yo depoze yon
nouvo deklarasyon sou
enpak deplasman yo

3A. Fòmalize pwoesisis
depo alavans epi
aliyen sekans depo sou
pratik endistri yo

3B. Bloke desizyon kle yo
atravè yon “Detèminasyon
Konsèp la” ki ka bay
yon “non” klè ak byen
rapid pou pwopozisyon
ki pa apwopriye yo.

3C. Fè mizajou ak
aplike delè repons yo

3D. Kreye ekip egzamen
pòtfolyo ant depatman
yo epi amelyore
siveyans pèfòmans ki
baze sou done yo

PWOESIS AK METODOLOJI

Angajman kominote a ak aktè yo nan kè inisyativ sa a.


Ekip la te mennen aksyon sansibilizasyon ak rechèch pou idantifye pwoblèm yo, solisyon, ak vizyon pou siksè, epi tou pou pran avi nan men diferan aktè yo epi idantifye pi bon pratik ki soti nan 20-vil atravè Amerik di Nò. Metòd yo gen yon melanj de opsyon an pèsòn ak opsyon dijital ki gen ladan sondaj nan zòn kle nan kominote a tankou estasyon otobis, pwospektis, ti gwoup refleksyon, medya sosyal, ak kontak ak lidè kominote a. Nou te rasanble plis pase 2600 repons sondaj, nou te òganize plis pase 60 gwoup refleksyon, epi nou te òganize 12 fowòm piblik ak atelye atravè vil la pou rasanble piblik la nan etap enpòtan pwojè yo.

PLIS PASE 2600	REPONS SONDAJ YO
PLIS PASE 60	GWOUP REFLEKSYON
12	EVÈNMAN PIBLIK

PWOCHEN ETAP YO

Avèk dokiman sa a, n ap fikse yon direksyon klè pou modifikasyon nou vle fè yo. Li montre tou gen anpil travay ki rete pou fèt.

Pandan mwa k ap vini yo, ekip pwojè a pral kontinye angaje manm kominote a, anplwaye ak dirijan Vil Boston yo ak lòt aktè yo pou amelyore rekòmandasyon yo pou asire yo efikas epi asire yo ka reyalize. Chak ide sa yo pral fè objè de travay distenk atravè epi avanse ak anpil atansyon nan yon aplikasyon reflechi, delibere ak pwogresif pandan ane kap vini an.






KISA SA VLE DI POU MWEN?

Suiv istwa Hugh, Bonnie, ak Wanda pou aprann kijan manm kominote yo ka patisipe nan nouvo pwosesis Atik 80 an.

Avètisman: Aktivite angajman ki prezante nan istwa sa yo se egzanp epi yo ka pa mete yo nan tout pwojè yo.



Yon Ekip Konsiltatif Kominotè (CAT) se yon gwoup manm kominote a ki reyini pou egzaminen ak bay konsèy sou pwojè developman nan yon katye. Li plis enfòmasyon sou Ekip Konsiltatif Kominotè a nan paj 18 la.

ETAP 1: KONSEPSYON PRELIMINÈ

KI GEN LADAN:

- PLAN ANGAJMAN**
PLANIFYE AKTIVITE ANGAJMAN
ALAVANS, TANKOU METÒD ENPRIME,
NIMERIK EPI AN PÈSÒN
- KONDISYON KI EGZISTE DEJA YO**
EGZAMEN ETA AKTYÈL KATYE A OSWA ZÒN NAN

DEZISYON AN PRAN:

- ESTRATEGI ANGAJMAN AK KALANDRIYE**
- REFI IMEDYA**
POU PWOJÈ KI PA KONFÒM AK OBJEKTIF VIL LA

EGZANP OPÒTINITE POU ENFÒME SOU PWOJÈ KI PWOPROZE A:



DEPLIYAN YO AFICHE NAN BIBLIYOTÈK LOKAL LA



ANSÈY KI AKOTE SIT DEVLOPMAN AN



IMÈL YO VOYE POU MANM EKIP KONSEY KOMINOTÈ A



Hugh pran enfòmasyon sou pwopozisyon pwojè devlopman an epi li ale nan vizit sou sit la devlopè a ap fè a.



Bonnie eskane kòd QR la epi reponn yon sondaj pou pataje ki domèn preyokipasyon ki pi enpòtan pou li.



Wanda li enfòmasyon pwojè a pou li prepare pwochen reyinyon Ekip Konsilitatif Kominotè a kote manm yo pral egzaminen yon gwoup pwojè nan zòn nan. Fòmasyon li te resewva a pèmèt Wanda santi li konfyans nan konpreyansyon kontni an.

Li koute lide devlopè a pou pwojè a epi li apresye opòtinite pou pataje konesans li sou kondisyon ki egziste deja yo nan zòn nan.



“ANPIL MOUN TRAVÈSE LARI A NAN KWEN SA A, MEN PA GEN YON PASAJ PYETON.”



Li plis enfòmasyon sou aktivite angajman alavans yo, tankou vizit sou sit pwomotè a ap dirije, nan paj 17.



Li plis enfòmasyon sou egzamen pòtfolyo a nan paj 19 la.



ETAP 2: KONSEPSYON

KI GEN LADAN:


- PWOPOZISYON KONSTRIKSYON**
(WOTÈ, DANSITE, GWOSÈ, ELT.)

DEZISYON AN PRAN:

- VIZYON GLOBAL AK PRIYORITE**
POU RENMEN NAN PLAN BATIMAN AN
- KIJAN PWOJÈ A AP FÈ**
YON BON VWAZEN

Li plis bagay sou rediksyon ak avantaj kominote a nan Chanjman fondamantal 2 a (paj 26-44)

EGZANP YON REZILTA SONDAJ KI TE FÈT NAN KÒMANSMAN ANGAJMAN AN PRENSIPAL PREYOKIPASYON KOMINOTE A:



ATELYE PUBLIK



"MWEN ENKYÈ KONSÈNAN WOTÈ BATIMAN AN"



Hugh pataje enkyetid li konsènan wotè batiman an, paske li konnen se yon desizyon k ap pran nan etap sa a nan pwosesis la.

SONDAJ KI TE PATAJE SOU REZO SOSYAL YO

Ki kalite amelyorasyon enfrastruktiki vèt ki enpòtan pou ou?

- Pyebwa sou twotwa yo
- Twotwa ki absòbe dlo

- Drenaj pou redui inondasyon
- Abri otobis ki rezistan fas ak chalè

Bonnie kontan wè lòt manm kominote a pataje enkyetid li sou trafik ak sekirite, epi li santi li asire paske devlopè a ap bay pwoblèm sa a priyорите. Nan etap sa a, li te eksprime sipò li pou ajoute plis pye bwa sou twotwa yo atravè yon sondaj sou medya sosyal yo.

REYINYON CAT



Yon pèsonèl espesyalize k ap ede ekip yo òganize nan facilite diskisyon yo

Reyinyon ki bay sèvis gadri ak tradiksyon.



Wanda patisipe nan yon reyinyon CAT kote pwojè sa a ap diskite pou premye fwa epi li konfime kòmantè pwomotè a resevwa daprè ekspètiz kominote li a.

EGZANP MENI OPSYON POU AVANTAJ POU KOMINOTE A

- DIRABILITE AK REZISTANS
- TRANSPÒ AK INFRASTRIKTI (PA EGZANP, ENTÈSEKSYON SIYALIZE YO)
- LOJMAN (PA EGZANP, INITÉ ABÒDAB ADISYONÈL)
- ATIZAY AK KILTI
- EDIKASYON
- ESPAS LOUVRI AK ESPAS PIBLIK (PA EGZANP, PYEBWA NAN LARI YO)
- TI BIZNIS/DEVLOPMAN EKONOMIK
- PREZÈVASYON ISTORIK (PA EGZANP, FINANSMAN ADISYONÈL POU PWOTEJE RESOUS ISTORIK YO)
- ENSTALASYON KOMINOTÈ AK SIVIK

ETAP 3: KONSEPSYON CHEMATIK

KI GEN LADAN:

- **AMELYORASYON KONSÈP LA**
EGZAMINEN DETAY PWOJÈ A ATRAVÈ KONSEPSYON AK DESEN DETAYE
- **EVALYE ENPAK POTANSYÈL**
TANKOU OGMANTASYON DEMANN POU TRANSPÒ

DEZISYON AN PRAN:

- **DETAY SOU PWOJÈ A**
TANKOU MATERYÈL KONSTRIKSYON AK AMENAJMAN PEYIZAJE
- **ELEMAN ESPESIFIK POU DIMINISYON AK AVANTAJ POU KOMINOTE A**

Meni opsyon pou avantaj kominote yo detèmine atravè plan katye yo, evalyasyon bezwen yo ak politik Vil la. Li plis enfòmasyon sou planifikasyon avantaj enfòme yo ak "meni opsyon" yo nan paj 40-41.

ATELYE PIBLIK



Hugh patisipe nan yon dezyèm atelye publik kote li konnen kijan pwojè a pwogrese epi pataje opinyon sou fason pou l bay avantaj kominote a priorite.

SONDAJ YO VOYE PA MESAJ TÈKS

Sondaj la mande pou patisipan yo klase preferans yo nan kad avantaj kominotè yo



Bonnie ka eksprime preferans li pou opsyon avantaj kominote a san li pa santi l oblje l dedye yon pil tan nan tan li nan pwosesis la.

PREFERANS MWEN YO:

1. ENTÈSEKSYON SIYALIZE
2. PLIS INITÉ ABÒDAB
3. PYE BWA NAN LARI YO

REYINYON CAT



Wanda ap travay ak lòt manm CAT yo pou egzaminen opinyon kominote a epi finalize avantaj kominotè yo (ki baze sou konesans yo nan efò pou planifikasyon ki sot pase yo ak konesans yo de katye yo.)

Ekip Konsilitatif Kominotè a ap travay ak Depatman Planifikasyon an pou l soumèt yon dokiman ak repatisyon avantaj kominotè yo sigjere yo, kote li fyè pou l reflete priyorite katye li a.